# Қанлыкөл районы Жайҳун МПЖ аймағындағы көшеге жаңадан асфальт төселмекте

Image not found or type unknown

Қанлыкөл районы аймағында “Абат аўыл” ҳәм “Абат мәкан” бағдарламаларына киргизилген ишки хожалық жолларында оңлаў жумыслары алып барылмақта.

Быйылғы жылда район аймағындағы мәкан пуқаралар ҳәм аўыл пуқаралар жыйынлары аймақларындағы ишки жолларда оңлаў жумысларын алып барыў ушын 3 120 млн сўм муғдарында қаржы ажыратылған болып, оңлаў ҳәм тегислеў, қара қаплама ҳәм асфальт төсеў жумыслары Тақыятас жоллардан пайдаланыў унитар кәрханасы тәрепинен алып барылып атыр.

Райондағы «Қанлыкөл» АПЖ ҳәм «Жайхун» МПЖ аймақларындағы бир қатар көшелерде бүгинги күнде оңлаў ҳәм абаданластырыў жумыслары қызғын түрде жүргизилмекте.

Ҳәзирги ўақытта Жайхун МПЖ аймағындағы 71,1 автомобиль жолы тегисленип, асфальт төселип атыр.

**Қарақалпақстан Республикасы**

**Автомобиль жоллары аймақлық бас басқармасы**